

- Peteng Ndedet, nduweni teges yaiku peteng banget utawa gelap gulita.
- Abang Mbranang, nduweni teges yaiku Abang Banget utawa abang nemen.
- Tahu tempe, nduweni teges yaiku tahu lan tempe.
- Adhem Ayem, nduweni teges yaiku uripe tansah kepenak, tentrem, lan makmur.
- Ngalap Berkah, nduweni teges yaiku ngarepake berkah.
- Padhang Jingglang tegese terang banget ora ono peteng – petenge blas.
- Dowo Tangane, nduweni teges yaiku seneng maling.
- Welas asih nduweni teges rasa katresnan
- Gemah Ripah, nduweni teges yaiku subur.
- Raja Kaya, nduweni teges yaiku kewan ingon ingon kaya sapi, kebo, jaran, lsp

Wangsulana pitakon ing ngisor iki !

1. Urip ing ndeso pancen nggarai ...
2. Saiki jam 5 sore cuacane wis ...
3. Sawahe simbahku ... loh jinawi
4. Bocah iku nesu sampe raine ...
5. Kasenenganku mangan ...
6. Pak Dheku sakiki ingon – ingon ...
7. Ora becik ... ing kuburan.
8. tangi turu langite wes ...
9. Dadio wong sing becik, ojo ngasi dadi wong sing ...
10. ... kang romo ibu iku sedawane urip

Ngalap Berkah      Peteng Ndedet      Gemah Ripah      Adhem Ayem

Abang Mbranang      Tahu tempe      Raja Kaya

Dowo Tangane      Padhang Jingglang      Welas asih